

## AVI SOU JAN NOU SÈVI AK ENFÒMASYON SANTE KI PWOTEJE

**AVI SA A ESPLIKE KI JAN NOU KA SÈVI AK ENFÒMASYON MEDIKAL OU, KI JAN NOU PATAJE ENFÒMASYON SA YO AVÈK LÒT KOTE, EPI TOU LI ESPLIKE KI JAN OU KAPAB JWENN ENFÒMASYON SA YO. TANPRI PRAN SAN POU W LI AVI A.**

Si w gen nenpòt kesyon sou avi sa a oubyen si w bezwen plis enfòmasyon, tanpri kontakte Responsab Konfidansyalite a nan nimewo 954.847.4295 oubyen nan nimewo gratis 1.855.209.5295.

### DE MO KONSÈNAN AVI A

Lè w ap suiv tretman nan Broward Health, lopital la ouvè yon dosye kote li mete tout enfòmasyon sou swen medikal w ap pran lopital la. Gen sèten enfòmasyon nan dosye swen medikal ou nan Broward Health la yo rele enfòmasyon sante ki pwoteje. Enfòmasyon sante ki pwoteje se: non ou, adrès ou ak lòt done ki kapab idantifye w, epi tou se enfòmasyon sou sante ou ak sèvis swen sante ou ka resevwa oubyen sa ou gen tan resevwa. Avi sa a esplike ki jan Broward Health sèvi ak enfòmasyon prive, ki jan lopital la pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote. Avi sa a se pou tout enfòmasyon sante ki pwoteje Broward Health genyen sou wou, tankou tout enfòmasyon kon sa lopital la konsève sou papye, nan òdinatè, oubyen sa li bay nan pale ak moun. Nou sèvi ak avi sa a pou n di w ki jan Broward Health gen dwa sèvi ak enfòmasyon li rasanble ak ki jan li gen dwa pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote, epi tou pou n di w ki dwa ou genyen nan sa ki konsène enfòmasyon medikal ou.

### MOUN KI PRAL SUIV AVI SA A

Enfòmasyon nan avi sa a esplike ki jan Broward Health sèvi ak enfòmasyon prive, ki jan li pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote, menm jan pou moun sa yo ak depatman sa yo:

- Tout pwofesyonèl swen lasante nan Broward Health k ap trete w epi ki kapab jwenn enfòmasyon sante ki pwoteje ki jan dosye ou
- Tout depatman ki nan Broward Health epi tout pwogram li patwone
- Tout volontè ki nan Broward Health
- Tout anplwaye Broward Health, tout pèsònèl li yo, tout pwofesyonèl endepandan ki gen kontra avèk li, tout kote ki vann bay lopital la, tout moun ki fè pati mendèv nan tout lokal Broward Health.

Enfòmasyon ki nan avi sa a, yo la tou pou kote sa yo ki bay swen sante, ki pou Broward Health epi Broward Health ap dirije:

- Best Choice Plus
- Broward Health
- Broward Health Medical Center
- Broward Health Community Health Services
- Broward Health Coral Springs
- Broward Health Foundation
- Broward Health Imperial Point
- Broward Health North
- Broward Health Physician Group
- Broward Health Weston
- Children's Diagnostic and Treatment Center
- Chris Evert Children's Hospital
- Total Claims Administration

Enstitisyon sa yo ki make pi wo la a patisipe nan yon Aranjman Swen Sante Òganize. Sa vle di enfòmasyon medikal ou koule litlit ant enstitisyon sa yo pou yo kapab travay sou tretman ou, sou peman pou tretman ou pou tout aktivite swen sante ou.

### FASON NOU KA SÈVI AK ENFÒMASYON SANTE OU KI PWOTEJE, FASON NOU KA PATAJE ENFÒMASYON SA YO AVÈK LÒT KOTE

Broward Health gen pèmisyon pou li sèvi avèk enfòmasyon medikal ou epi pou li pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote dapre regleman federal, dapre regleman Eta a. Lwa yo rele ann angle Health Insurance Portability and Accountability Act

(HIPAA) a se yon seri regleman federal ki la pou garanti enfòmasyon sante ou ki pwoteje e garanti sekirite enfòmasyon sa yo epi regleman sa yo bay moun sèten dwa nan sa ki konsène enfòmasyon sante ki pwoteje. Gen de pafwa, regleman nan yon Eta oubyen lòt regleman ka bay plis pwoteksyon oubyen yo ka bay kèk dwa pasyan anplis ki ale pi lwen pase regleman ki nan lwa HIPAA a. Nan ka sa yo ak nan tout lòt ka ki nan kad lwa sa yo, Broward Health ap respekte regleman ki pi estrik yo piske yo gen pou wè ak enfòmasyon sante ki pwoteje, tankou pran otorizasyon w alekri depi davans dapre jan regleman yo mande sa, anvan nou voye enfòmasyon kon sa bay yon lòt kote, yon lòt moun.

Seri kategori pi ba la yo montre ki diferan mwayen Broward Health kapab pase pou li sèvi avèk enfòmasyon sante ki pwoteje epi pou li pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote. Pou chak kategori kote Broward Health kapab sèvi ak enfòmasyon sa yo kote li kapab pataje yo, nou bay yon deskripsyon ak yon egzanz pou moun kapab pi byen konprann. Se pa tout sikonstans kote n ka sèvi ak enfòmasyon sa yo, pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote, ki parèt klè nan lis sa a. Men, tout sikonstans kote n ka sèvi ak enfòmasyon sa yo, pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote, tonbe nan youn nan kategori sa yo.

- **Pou tretman.** Broward Health gen dwa sèvi ak enfòmasyon sante ou ki pwoteje oubyen li gen dwa pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote, nan yon efò pou lopital la fè w jwenn tretman ak sèvis ki pi konplè epi pou li pi byen jere swen y ap ba wou a, pi byen kowòdone swen y ap ba wou a. Nou gen dwa voye enfòmasyon medikal ki konsène w bay doktè, enfimye, teknisyen ak lòt pwofesyonèl swen sante ak manm pèsonel ki mete men pou yo ede pran swen ou. Pa egzanz, nan kad swen Broward Health ap ba wou a, li kapab fè nenpòt nan aksyon sa yo:
  - Pataje tout enfòmasyon medikal ki itil ant lopital, klinik, doktè, anplwaye, volontè, ak pwofesyonèl endepandan ki gen kontra avèk Broward Health
  - Pataje enfòmasyon medikal ki konsène eta sante w avèk yon lòt kote ki bay swen sante nan kad yon konsiltasyon (si yo bezwen pran konsèy nan men lòt kote sa a ki bay swen sante)
  - Pataje enfòmasyon medikal ki konsène eta sante w avèk yon lòt kote ki bay swen sante k ap bay sèvis yon fason endirèk, tankou yon radyològ oubyen yon patolojis
- **Pou peman.** Broward Health gen dwa sèvi ak enfòmasyon sante ou ki pwoteje oubyen li gen dwa pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote, dekwa pou nou kapab voye fakti pou tretman ak sèvis nou te ba w yon fason pou nou kab kolekte peman nan men w, nan men yon plan sante oubyen nan men yon lòt kote. Pami aksyon ki fè pati sikonstans kote n ka sèvi ak enfòmasyon pataje enfòmasyon avèk lòt kote, nou jwenn aksyon konpayi asirans ou ka fè anvan li bay otorizasyon pou sèvis swen sante yo oubyen anvan li peye pou sèvis sa yo. Pa egzanz:
  - Nou gen dwa pataje enfòmasyon medikal avèk konpayi plan sante ou nan kad kondisyon plan sante a pou yo kapab wè si sèvis ou mande yo kalifye pou plan sante ou a peye pou yo
  - Nou gen dwa pataje enfòmasyon medikal avèk konpayi plan sante ou ak sèvis egzaminasyon an pou yo kab wè ki swen doktè ou bezwen toutbon vre
  - Nou gen dwa pataje enfòmasyon medikal ou nan kad aktivite kote nou egzaminen jan nou ba wou tretman

Nan anpil sikonstans dapre sa lwa Eta Florid egzije, nou va mande w yon lèt otorizasyon pou nou pataje enfòmasyon medikal pou kesyon peman.

- **Aktivite swen sante.** Nou gen dwa sèvi ak swen sante ki pwoteje epi nou gen dwa pataje enfòmasyon sa yo nan kad aktivite Broward Health antreprann pou li fè biznis li mache. Broward Health mennen aktivite sa yo, nan sèten ka se pwofesyonèl ki sot lòt kote ki gen kontra ak Broward Health ki mennen aktivite sa yo, pou yo fè pwogram nou mache epi pou yo asire tout malad nou yo jwenn pi bon swen. Pa egzanz, nou gen dwa sèvi ak enfòmasyon swen sante ou ki pwoteje:
  - Pou n fè bon jan evalyasyon ak bon jan amelyorasyon
  - Pou n fè doktè evalye travay doktè parèy yo, tankou evalyasyon pèfòmans doktè
  - Pou n fè pwogram akreditasyon, pwogram pèmi ak pwogram fòmasyon
  - Pou sèvis avoka ak sèvis finans, tankou pran avoka pou pran defans Broward Health nan yon pwose
  - Pou n planifye biznis epi mete biznis sou pye

- Pou aktivite jesyon ki gen rapò ak fason Broward Health sèvi ak enfòmasyon prive, fason li pataje enfòmasyon avèk lòt kote
  - Pou depatman ki regle afè sèvis pou kliyan
  - Pou depatman ki okipe afè plent moun pote bay Broward Health
  - Pou n kreye enfòmasyon nou fin retire idantite moun ladan yo, pou rasanbleman done oubyen pou lòt rezon
  - Pou aktivite rasanble fon oubyen aktivite reklam
  - Pou kesyon edikasyon ak fòmasyon pou doktè, enfimyè, teknisyen, etidyan lamedsin
- **Fè w sonje randevou.** Nou gen dwa sèvi ak enfòmasyon sante ki pwoteje epi nou gen dwa pataje yo avèk lòt kote, nan efò n ap fè pou nou kontakte w pou nou fè w sonje ou genyen randevou pou w vin nan tretman doktè, pou w vin pran swen.
  - **Chwa tretman, Avantaj plan asirans sante, ak Sèvis swen sante.** Nou gen dwa sèvi ak enfòmasyon sante ki pwoteje ki konsène w epi nou gen dwa pataje yo avèk lòt kote, pou nou pale w de plizyè mwayen tretman diferan, pou nou sijere mwayen tretman sa yo, pou nou pale w de avantaj ki gen rapò ak sante, epi pou nou ofri w sèvis nan kad tretman ou, sèvis ou ka enterese ladan yo.
  - **Timoun minè.** Nou gen dwa sèvi ak enfòmasyon sante ki pwoteje pou timoun yo di ki timoun minè epi nou gen dwa pataje enfòmasyon sa yo avèk paran oubyen moun ki responsab legal timoun yo amwenske lalwa entèdi nou pataje enfòmasyon kon sa.
  - **Rechèch.** Nan sèten sikonstans, Broward Health gen dwa sèvi ak enfòmasyon sante ki pwoteje epi l gen dwa pataje yo avèk lòt kote, nan kad rechèch. Tout pwojè rechèch depann de yon pèmasyon espesyal nan men yon komite etik endepandan ki te egzaminen rechèch la pou tabli pwotokòl yon fason pou asire enfòmasyon sante ou ki pwoteje rete prive. Pa egzanp:
    - Nou gen dwa sèvi ak enfòmasyon sante ou epi nou gen dwa pataje yo avèk lòt kote, pou nou etidye rezilta malad ki resevwa tèl remèd oubyen tèl tretman.

Menm si nou pa jwenn otorizasyon espesyal, nou gen dwa kite savan k ap fè rechèch egzaminen enfòmasyon sante ou ki pwoteje, pou yo kab prepare yo pou fè rechèch epi pou yo parèt ak pwopozisyon rechèch. Pa egzanp:

- Nou gen dwa kite savan k ap fè rechèch gade enfòmasyon sante ki pwoteje pou ede yo idantifye malad yo dwe mete nan rechèch y ap fè depi yo pa wete okenn enfòmasyon sante pwoteje malad yo, depi yo pa kopye enfòmasyon sa yo, oubyen depi yo pa sèvi mal ak enfòmasyon sa yo.
- **Echanj enfòmasyon sante.** Broward Health patisipe nan sistèm Echanj enfòmasyon sante Eta Florid la, an angle, Florida's Health Information Exchange (HIE), yon sistèm ki rann li fasil pou kote ki bay swen sante ki patisipe nan sistèm nan fè echanj enfòmasyon malad alè, an sekirite, epi avèk otorizasyon, nan kad tretman epi nan kad jesyon travay y ap fè a. Sèvis sistèm Echanj enfòmasyon sante Eta Florid la ofri yo baze sou prensip nasyonal pou echanj enfòmasyon sante kapab fèt an sekirite. Malad ki enskri nan yon sant medikal ki pou Broward Health epi se Broward Health k ap fè sant lan mache, ap gen okazyon pou yo di yo pa vle enfòmasyon sante pa yo antre nan sistèm Echanj enfòmasyon sante a. Malad ki chwazi antre nan sistèm nan ap oblije bay yon lèt otorizasyon epi yo gen dwa anile otorizasyon yo bay la nenpòt lè.
- **Pòtal pou malad nan Dosye medikal enfòmatisè a.** Broward Health pèmèt sèten pòsyon nan dosye medikal malad yo vin disponib elektwonikman nan pòtal pou malad yo. Malad ki vle resevwa yon kopi tout dosye medikal pa yo nèt gen dwa mande yon kopi nan Depatman dosye medikal nan rejyon oubyen nan lokal kote yo te resevwa sèvis medikal. Pou yon malad jwenn dosye li nan pòtay pou malad yo, li menm oubyen yon reprezantan li dwe bay yon lèt otorizasyon. Ou kapab jwenn plis ransèyman nan sit entènèt [www.mybrowardhealth.org](http://www.mybrowardhealth.org).
- **Enfòmasyon jenetik.** Pandan w ap suiv tretman nan Broward Health, nou gen dwa fè kèk tès jenetik, oubyen tou nou ka ofri sèvis jenetik (tankou ADN, ARN oubyen mitasyon/chanjman kwomozomik). Lè nou gen enfòmasyon jenetik pou nou fè tretman maladi, pou nou resevwa peman oubyen pou nou mennen aktivite travay nou, nou gen dwa sèvi ak enfòmasyon jenetik sa yo epi nou gen dwa pataje yo avèk lòt kote selon

jan lwa federal, lwa Eta a ak lwa kolektivite teritoryal pèmèt nou fè sa. Lalwa entèdi nou sèvi ak enfòmasyon jenetik ou pou kesyon asirans, esepite lè n ap bay yon kontra pou swen alontèm, dapre lalwa.

## **FASON NOU KA SÈVI AK ENFÒMASYON SANTE OU KI PWOTEJE, FASON NOU KA PATAJE ENFÒMASYON SA YO AVÈK LÒT KOTE, SI OU PA DI OU PA DAKÒ EPI OU PA OU PA DI OU PA VLE NOU PATAJE ENFÒMASYON AVÈK LÒT KOTE**

- **Lis enfòmasyon lopital Broward Health.** Amwenske ou fè nou konnen ou pa dakò, men ki sa nou ka sèvi pou nou mete nan lis enfòmasyon nou pou lopital la: non ou, depatman kote ou ye nan lopital la, eta sante ou an jeneral ak relijyon ou. Tout enfòmasyon sa yo, esepite relijyon, n ap pataje yo ak moun ki bay non w lè yo mande pou wou. An jeneral, se fanmi ak zanmi nou bay enfòmasyon sa yo pou yo kab vin vizite w epi pou yo kab konn ki jan w ye an jeneral. Si w pa anmezi pou w di ou pa dakò, nou ka bay enfòmasyon kon sa lè gen bezwen pou sa, si nou wè sa nan pi gran enterè ou dapre jijman pwofesyonèl nou, epi tou n ap ba w okazyon pou w di ou pa dakò kou sa posib pou nou fè sa.
- **Moun ki konsène nan swen ou oubyen nan peman pou swen ou.** Nou kapab voye Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, san ou pa di ou pa dakò, swa bay yon fanmi w, oubyen yon zanmi w, oubyen nenpòt moun ou fè n konnen ki la pou ede pran swen ou. Si ou pa anmezi fè nou konnen ou dakò oubyen pou pa dakò pou nou bay enfòmasyon nan ka sa a, nou kapab bay enfòmasyon yo si nou wè sa nesèsè epi si nou wè sa nan enterè ou dapre rezonman pwofesyonèl nou.
- **Pou sekou nan ka dezaz.** Nou gen dwa pataje enfòmasyon sante ou ki pwoteje avèk lòt kote pou n kolabore ak òganizasyon ki ede moun nan ka dezaz epi k ap bezwen enfòmasyon sa yo pou yo kowòdone swen sante w ap resevwa oubyen pou yo avèti fanmi w ak zanmi w pou fè yo konnen ki kote ou ye ak eta sante w nan ka ta gen yon dezaz. N a ba w yon chans pou w fè nou konnen is ou dakò oubyen si ou pa dakò lè sa posib.
- **Aktivite pou ranmase fon.** Nou gen dwa pataje enfòmasyon sante ou ki pwoteje, jan sa dwe fèt epi si sa nesèsè, ak tout Biwo ak pwogram Broward Health, pou yo kab kontakte ou lè y ap fè aktivite pou ranmase fon.
  - **FASON POU W PA PRAN PA NAN AKTIVITE RANMASE FON.** Pou w kab wete kò w nan aktivite pou ranmase fon, rele nou nenpòt lè nan nimewo 1.855.209.5295 oubyen ou kab ranpli fòm pou sa sou entènèt nan sit entènèt [www.browardhealth.org/](http://www.browardhealth.org/)
- **Foto.** Broward Health kab sèvi ak foto oubyen lòt mwayen pou pran foto moun epi sere foto sa yo pou yo kab idantifye malad pi byen pou idantifye anplwaye, pou rezon sekirite, oubyen pou prepare bòdwo pou pasyan.
- **Adrès imel ak mesaj nan imel.** Ou kapab mande nou voye kèk ransèyman ba wou pa imel. Broward Health sèvi ak yon rezo ki byen pwoteje pou l transmèt mesaj imel ki gen Enfòmasyon sante pwoteje.
- **Nimewo telefòn pòtab.** Lè w bay Broward Health nimewo telefòn pòtab ou, sa vle di ou dakò resevwa apèl li sou telefòn pòtab ou. Broward Health pa responsab okenn frè nenpòt konpayi telefòn fè w peye pou apèl sa yo.

## **SITIYASYON ESPEYAL: FASON NOU KA SÈVI AK ENFÒMASYON SANTE OU KI PWOTEJE, FASON NOU KA PATAJE ENFÒMASYON SA YO AVÈK LÒT KOTE, SAN KONSANTMAN OU, SAN OTORIZASYON OU, OUBYEN SAN OU PA GEN CHANS DI SI OU DAKÒ OUBYEN OU PA DAKÒ.**

Nan sèten sikonstans, Broward Health gen dwa sèvi ak enfòmasyon sante ou ki pwoteje, li gen dwa pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote, san otorizasyon ou oubyen okenn pèmision nan men ou. Men nan ki sikonstans:

- **Dapre egzijans lalwa.** N ap bay Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, lè se lalwa egzijè nou fè sa, lwa entènasyonal, lwa federal, lwa Eta a ak lwa lokal.
- **Pou evite gwo danje pou sante ak pwoteksyon moun.** Nou gen dwa sèvi ak enfòmasyon sante ou ki pwoteje, nou gen dwa pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote, lè sa nesèsè pou evite gwo danje pou sante ou ak pwoteksyon ou, pou sante ak pwoteksyon lòt moun, pou sante ak pwoteksyon popilasyon an. Men, lè Broward Health ap fè sa, se moun ki kapab evite danje sa a sèlman l ap bay enfòmasyon yo.
- **Lòt biznis ki kolabore ak Broward Health.** Nou gen dwa pataje enfòmasyon sante ou ki pwoteje ak lòt biznis ki kolabore ak Broward Health ki travay pou Broward Health oubyen ki bay Broward Health sèvis dirèkteman. Pa egzanp:

- Nou kapab sèvi ak yon lòt konpayi pou prepare fakti, pou transkripsyon, oubyen pou konsiltasyon, ki kab mande pou konpayi sa a gen mwayen pou yo wè Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, pou l kab fè travay li.

Tout kote ki fè biznis ansanm avè nou gen obligasyon, dapre lwa federal ak lwa nan Eta yo epi dapre kontra lopital la siyen avè yo, pou veye Enfòmasyon sante ou ki pwoteje rete prive.

- **Pwogram pou moun fè kado ògàn, je yo oubyen lòt moso nan kò yo.** Si ou se yon moun ki vle bay yon ògàn nan kò w, nou kapab pataje Enfòmasyon sante ou ki pwoteje ak konpayi ki bezwen enfòmasyon sa yo pou w kab fè kado ògàn ou vle bay la.
- **Dedomajman pou Travayè.** Nou kapab pataje Enfòmasyon sante ou ki pwoteje ak pwogram Dedomajman pou travayè nan ka aksidan ou oubyen ak lòt pwogram menm jan ak asirans sa a ki peye travayè dedomajman lè yo fè aksidan nan travay yo oubyen lè yo malad.
- **Aktivite ak danje pou sante piblik.** Nou gen dwa pataje enfòmasyon sante ou ki pwoteje, pou aktivite sante piblik. Aktivite tankou:
  - Pou evite epi maladi, frakti oubyen andikap pou kontwole yo
  - Pou bay rapò moun ki mouri ak moun ki fèt
  - Pou avèti leta lè yo neglije yon timoun oswa lè yo fè l abi
  - Pou fè rapò sou pwoblèm medikaman ak lòt pwodui ki sèvi pou tretman
  - Pou avèti moun ki konsène lè gen yon medikaman oubyen yon atik yon konpayi dekouvri yon pwoblèm ladan
  - Pou avèti yon moun ki sanble ki te an kontak avèk yon maladi oubyen li san lè atrap maladi a oubyen li san lè gaye maladi a
- **Abi, neglijan, ak vyolans lakay.** Nou gen dwa pataje Enfòmasyon sante ou ki pwoteje ak otorite leta ki konsène, si dapre rezònman pwofesyonèl nou, nou panse yon malad se viktim abi, neglijan oubyen vyolans lakay li. N ap bay enfòmasyon nan ka sa yo sèl lè malad la dakò oubyen si lalwa egzije nou fè sa.
- **Aktivite siveyans medikal.** Nou gen dwa pataje Enfòmasyon sante ki pwoteje ak òganizasyon k ap fè kontwòl sou sistèm swen sante a pou aktivite lalwa pèmèt. Aktivite tankou:
  - Kontwòl kaye kontab, ankèt, enspeksyon, epi aktivite pou bay pèmi
- **Avi nan ka vyolasyon done.** Nou kab oblije bay Enfòmasyon sante ki pwoteje, pou nou voye avi lalwa mande nou voye nan ka kote yon moun san otorizasyon ta jwenn enfòmasyon ou oubyen si gen yon moun ki ta bay Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, san otorizasyon.
- **Pwosè ak mezantant.** Broward Health gen dwa pataje enfòmasyon sante ou ki pwoteje, si tribinal bay lòd pou sa oubyen si leta mande sa. Nou kab oblije bay Enfòmasyon sante ki pwoteje, si tribinal bay lòd pou sa, si gen yon manda pou sa, oubyen si gen yon demach administrasyon leta ki mande sa oubyen si yon moun k ap regle yon bagay nan leta kont yon lòt moun ta gen rezon legal pou sa. Sè lè n ap bay Enfòmasyon sante ki pwoteje se apre nou fin chache avèti w yo mande n enfòmasyon sa yo epi apre leta fin bay lòd pwoteje enfòmasyon yo. Broward Health kapab bay Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, pou defann tèt li sizoka yo ta asiyen li.
- **Lapolis.** Nou kapab ba lapolis Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, si lajistis bay lòd pou sa, si gen yon manda pou sa, oubyen si gen yon demach administrasyon leta ki mande sa oubyen si ta gen yon demach legal kon sa ki ta mande pou ede chèche oubyen idantifye yon moun yo sispèk, yon moun ki sove nan prizon, yon moun ki viktim yon krim, yon temwen, yon moun ki pèdi oubyen pou mete fren nan yon zak kriminèl. Nou kapab bay Enfòmasyon sante pwoteje moun pou avèti fanmi yo lè yo mouri nan ka kote gen yon zak kriminèl ki lakòz moun nan mouri.
- **Aktivite Militè ak Sekirite Nasyonal.** Si ou nan kèk aktivite lame, sekirite nasyonal oubyen travay sekre oubyen ou nan men leta, sou kapab bay ofisyèl ki gen otorizasyon Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, pou koresponn ak sa lalwa pèmèt nou fè. Si ou nan lame, nou kapab bay lame a Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, dapre jan otorite militè yo egzije sa. Nou kapab bay yon otorite ki nan yon lame etranje Enfòmasyon sante ou

ki pwoteje, si ou nan lame sa a.

- **Doktè leta ki egzaminen kadav moun, epi Direktè Ponp Finèb.** Nou gen dwa pataje enfòmasyon sante ki pwoteje ak doktè leta ki egzaminen kadav moun, ak direktè ponp finèb pou yo kapab fè travay pa yo.
- **Prizonnye.** Si ou se yon prizonnye ki nan yon prizon oubyen ou nan men leta, nou kapab bay yon kote ki gen otorizasyon Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, si gen nesosite (1) pou kote sa a ba w swen sante; (2) pou pwoteje vi ak sante lòt moun, (3) oubyen pou pwoteje sante ak sekirite ofisye yo ak moun k ap travay nan enstitisyon an.

## **DWA OU GENYEN KONSÈNAN ENFÒMASYON SANTE OU KI PWOTEJE,**

Ou gen tout dwa sa yo, apa kèk restriksyon, konsènan Enfòmasyon sante ou ki pwoteje:

- **Dwa pou w mande kèk restriksyon.** Ou gen dwa pou w mande Broward Health pou l limite valè fwa li pran Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, oubyen valè fwa li bay enfòmasyon sa a pou kesyon tretman, peman, rechèch, oubyen pou lòt aktivite ki an rapò ak swen sante w. Ou kab mande tou pou yo pa pataje kèk nan Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, ak fanmi oubyen zanmi k ap pran ka ou oubyen pou yo pa voye anons ba yo jan yo make sa nan Avi sa a. Lè w ap fè demann sa a fò w make egzakteman ki ransèyman ou pa vle yo bay epi ki moun ou pa vle yo bay ransèyman sa yo. Broward Health pa oblije dakò ak demann ou fè pou yo pa bay ransèyman. Si kote k ap ba w swen sante a panse sa nan enterè ou pou kite yo sèvi ak Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, yo pap mete restriksyon sou Enfòmasyon sante ou ki pwoteje. Si Broward Health dakò ak demann ou fè pou yo pa bay enfòmasyon ou, ou pap kab sèvi oubyen bay Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, sa ap an kontradiksyon ak restriksyon sa a amwenske yo ta bezwen Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, pou ba w swen nan ka ijan.
- **Depans k ap sot nan pòch ou.** Si ou ta peye nèt depi davans oubyen lè yo ba w swa yon sèvis swa yon lòt bagay nan Broward Health, ou gen dwa mande pou yo pa bay plan asirans sante w la Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, pou sèvis sa oubyen pou atik sa a ou peye pou li a. N ap respekte demann ou fè a depi ou fin peye sa ou gen pou w peye a.
- **Dwa pou w mande kominikasyon prive.** Ou genyen dwa pou w mande se nan tèl fason sèlman pou Broward Health kontakte w, pou li kominike avèk ou pou pwoteje vi prive w ak enfòmasyon sante ou ki pwoteje. Pa egzanp, ou gen dwa mande se pa lapòs sèlman pou nou kominike avèk ou nan tèl adrès, oubyen se nan nimewo telefòn kay ou sèlman, pa nan nimewo telefòn travay ou. N ap konfòme nou ak tout deman ki rezonab.
- **Dwa pou w enspekte, pou w fè kopi.** Ou gen dwa pou w gen aksè a enfòmasyon ki nan dosye ou, pou w tcheke l epi pou w fè kopi Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, ki sèvi pou pran desizyon medikal pou tretman y ap fè pou wou ak swan y ap ba wou. Broward Health ap fè tout sa l kapab pou l ba w aksè pou k ap wè dosye medikal ou, l ap gen (30) jou pou l fè sa apre jou ou fè demann nan depi dosye yo nan lokal la. Nou gen dwa tou pou nou fè w peye yon frè rezonab pou kopye enfòmasyon an, pou voye l pa lapòs, epi pou lòt resous nou sèvi pou reponn a demann ou an. Nou kab rejte demann ou fè a nan kèk sikonstans, Pa egzanp si enfòmasyon ou vle a gen kèk nèt sikoterapi ladan. Si rejte demann ou fè a, ou gen dwa pou w konteste desizyon an epi ou gen dwa mande yon pwofesyonèl ki lisans nan bay swen sante ki pa t mele nan refi a tcheke refi sa a pou wou.
- **Dwa pou nou ba w rezime ak esplikasyon.** Nou kapab ba w yon rezime Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, olye pou n ba w yon kopi tout dosye a, oubyen nou kab ba w kèk esplikasyon sou Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, yo ba wou a. Yo kab mande peye yon frè rezonab pou repare rezime dosye w la. Fò w ekri yon lèt pou fè konnen ou dakò pou w resevwa dosye medikal ou sou lòt fòm sa a.
- **Dwa pou nou ba w yon kopi dosye medikal ou sou entènèt.** Si se sou konpitè yo kenbe Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, ou gen dwa pou w mande pou yo voye yon kopi enfòmasyon ou oubyen pou yo transmèt li bay yon lòt moun oubyen yon lòt biwo sou fòm elektwonik la. Broward Health va fè tout sa l kapab pou l ba wou enfòmasyon an sou fòm ou mande l la, si li deja genyen l nan fòm sa a. Si enfòmasyon an pa disponib sou fòm ou mande l la, y ap ba wou li nan fòm elektwonik nou deja genyen an oubyen sou papyè. Nou gen dwa pou nou fè w peye pou tan ak resous nou sèvi pou transmèt dosye elektwonik.

- **Dwa pou w mande kèk chanjman.** Si ou panse Enfòmasyon sante pwoteje pa kòrèk, oubyen yo pa konplè, ou kab mande nou korije enfòmasyon an. Ou gen dwa pou w fè demann pou nou korije enfòmasyon nan dosye ou depi se nou k ap jere enfòmasyon an epi enfòmasyon an se pou dosye nou. Fò w ekri yon lèt pou w mande nou korije enfòmasyon an. Nan kèk ka nou kab rejte demann ou fè pou nou korije dosye w. Si nou refize demann ou fè pou nou korije enfòmasyon ou, ou gen dwa pou ekri yon lèt pou mete nan dosye ou ki montre ou pa dakò ak desizyon nou an epi tou nou kab prepare yon repons pou kontestasyon ou fè a epi nou va voye yon kopi lè nou fè a ba wou.
- Dwa pou nou ba w rapò sou valè fwa nou voye enfòmasyon w ale. Ou gen dwa pou w mande yon rapò sou valè vwa yo devwale enfòmasyon ki nan dosye medikal ou. Sa a se yon lis demann ki fèt pou pran ransèyman sou Enfòmasyon sante ou ki pwoteje. Lis sa a pap gen sa ki make pi ba yo ladan:
  - Bay enfòmasyon pou kesyon tretman, peman, oubyen pou lòt swen sante
  - Enfòmasyon yo ba wou oubyen enfòmasyon yo bay sou otorizasyon ou
  - Enfòmasyon yo bay pou prepare lis non moun pou kote k ap ba w swen
  - Enfòmasyon yo bay moun tankou zanmi w, oubyen fanmi w

Dwa yon moun genyen pou l resevwa enfòmasyon sa a gen kèk esepsyon ladan, kèk restriksyon, ak limit. Broward Health va ba wou yon dosye ki montre konbyen fwa Broward Health bay enfòmasyon ki nan dosye medikal ou (6) an anvan ou fè demann nan, men yo pap ba w li anvan 14 avril, 2003. Broward Health va ba wou detay sou dosye ou nan (60) jou apre jou ou fè demann nan. Y ap fè demann nan pou wou chak (12) mwa san sa pa koute w anyen. Tou demann ki fèt apre sa, Broward Health va fè w konnen konbyen sa ap koute w epi li va ba w yon chans pou w swa kontinye oubyen pou anile demann ou an.

- **Dwa pou nou pwoteje enfòmasyon jenetik ou.** Se dwa ou pou yo asire ou Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, nan kèk sikonstans se enfòmasyon jenetik ou, pou yo pa devwale enfòmasyon sa yo ba konpayi ki gen plan asirans maladi pou yo eseye vann moun asirans. Plan swen sante moun pou yon bon dire tan pa ladan.
- **Avi sou papye.** Se dwa ou pou nou ba wou yon kopi Avi sa a sou papye. Ou gen dwa mande pou nou ba wou yon kopi avi sa a nenpòt lè, men si ou te deja dakò se sou imel ou te vle resevwa li. Si yo voye yon kopi avi sa a ba wou nan imel ou, ou kab jwenn yon kopi sou papye annik mande yon anplwaye Broward Health oubyen kontakte moun sa a Broward Health's Privacy Officer nan (954)847-4295. Ou kapab al sou sit wèb nou an tou epi ou enprime yon kopi: [www.browardhealth.org/npp](http://www.browardhealth.org/npp)

## KOUMAN POU W EGZÈSE DWA OU GENYEN

Pou asire yo respekte nenpòt dwa ou genyen ki make nan avi sa a, tanpri voye demann ou an, alekri, bay "Broward Health's Privacy Officer" nan adrès ki make pi ba la a. Nou kab mande w ranpli yon aplikasyon n ap ba wou oubyen pou w kontakte biwo rejyonal la dirèkteman kote ou abitye resevwa swen an.

Broward Health, Corporate Compliance Department  
 Attn: Privacy Officer  
 1608 SE 3RD Avenue, ISC 5TH Flr, Suite 502  
 Fort Lauderdale, FL 33316

## DEVWA AK RESPONSABLITE BROWARD HEALTH

- **Responsablite legal.** Lalwa mande pou Broward Health fè sa ki make la yo:
  - Pou toujou asire Enfòmasyon sante pwoteje moun toujou rete prive.
  - Ba w yon Avi ki gen responsablite legal nou ak jan nou abitye sèvi ak Enfòmasyon sante pwoteje moun
  - Sizoka ta gen yon fopa ki fèt kote Enfòmasyon sante ou ki pwoteje, ta tonbe nan men yon moun ki pa gen otorizasyon, Biwo Broward Health ekri yon lèt pou bay enfòmasyon sou sa dapre lwa Federal yo ak Lwa nan Eta a.
- **Kondisyon Avi sa a.** Lalwa egzije nou respekte tout kondisyon ki make nan avi ki an vigè kounye a.
- **Chanjman nan avi sa a.** Nou gen dwa pou nou fè chanjman nan avi sa a. Nou gen dwa tou pou nou mete Avi nou fè chanjman ladan an an vigè pou Dosye sou swen sante moun ki sou pwoteksyon pou enfòmasyon

nou deja gen sou wou oubyen pou enfòmasyon nou pral pran sou wou pi devan. N ap afiche yon bon kopi Avi ki an vigè a nan chak anplasan oubyen nan chak seksyon nou yo epi n ap mete avi sa sou paj wèb nou tou sou entènèt epi avi a ap make pou ki dat li bon. Y ap mete yon kopi Avi ki an vigè a a dispozisyon ou lè vin resevwa swen nan Broward Health. Tanpri al sou sit wèb nou an: [www.browardhealth.org](http://www.browardhealth.org) pou w kab jwenn plis ransèyman, w ap jwenn yon kopi avi sa a tou sou entènèt.

### **KOPI AVI SA A NAN YON LÒT LANG**

Si ou mal pou w li oubyen pou w konprann Angle, ou kab mande n voye yon kopi avi sa a ba wou swa ann Angle, an Kreyòl, an Franse oubyen an Pòtigè. Si w ta bezwen avi a nan yon lang ki pa make la a, y ap mete l a dispozisyon ou depi ou ta mande sa.

### **PLENT POU PWOTEKSYON VI PRIVE OU**

Si ou kwè yo pa respekte vi prive ou oubyen yo pa respekte yon dwa ou genyen dapre espikasyon nan avi sa a, ou kapab depoze yon plent nan Broward Health oubyen nan Biwo Depatman sante ak Sèvis yo bay moun pou dwa sivil yo “U.S. Department of Health and Human Services Office for Civil Rights”. Pou w depoze yon plent nan Broward Health, tanpri kontakte responsab Broward Health ki okipe afè vyolasyon pwoteksyon vi prive moun nan nimewo 954.847.4295 oubyen nan nimewo gratis 1.855.209.5295. Lòt fason ou kapab depoze yon plent pou kesyon vyolasyon enfòmasyon sou vi prive ou bay Broward Health, se ekri yon lèt pou pote plent epi voye l nan adrès sa a:

Broward Health, Corporate Compliance Department  
Attn: Privacy Officer  
1608 SE 3RD Ave, ISC 5th Flr, Suite 502  
Fort Lauderdale, FL 33316

Pou w pote yon plent fòmèl nan Biwo Depatman sante ak Sèvis yo bay moun “U.S. Department of Health and Human Services”, ou mèt telefone yo nan nimewo gratis 1.877.696.6775 oubyen al sou sit wèb Biwo dwa sivil la “Office of Civil Rights” sou [www.hhs.gov/ocr/privacy](http://www.hhs.gov/ocr/privacy). Ou kab ekri pou w depoze yon plent tou nan adrès sa a:

Office for Civil Rights  
U.S. Department of Health and Human Services  
Sam Nunn Atlanta Federal Center, Suite 16T70  
61 Forsyth Street, S.W.  
Atlanta, GA 30303-8909

### ***Nou pap fè anyen kont ou poutèt ou depoze yon plent.***

Broward Health pa dwe kraponnen okenn moun poutèt moun nan pote plent, ni li pa dwe entimide moun sa a, ba li presyon, fè li egzijans, anmègde li, fè diskriminasyon kont li, ni li pa dwe aji kon sa kont okenn lòt moun poutèt yo pote plent.

### **LÒT FASON NOU KAB SÈVI AK ENFÒMASYON KI NAN DOSYE MEDIKAL OU**

Si pou nou sèvi ak enfòmasyon ki pwoteje nan dosye medikal ou yon fason ki pa make nan avi sa a oubyen yon fason ki pa konfòm ak lalwa ki konsène nou, se sèl ak yon lèt otorizasyon ou ban nou n ap kab fè sa. Si ou ban nou yon lèt otorizasyon pou nou sèvi ak enfòmasyon sante ou ki pwoteje oubyen pou n pataje enfòmasyon sa yo avèk lòt kote, ou kapab anile otorizasyon sa a nenpòt lè depi ou ekri yon lèt pou sa. Si ou anile otorizasyon ou te bay la, nou pap kontinye pataje Enfòmasyon sante ki pwoteje dapre otorizasyon ou te bay la, men, lèt ou ekri pou anile otorizasyon sa ou te bay la pa pou enfòmasyon nou deja pataje ak pèmisyon ou te ban nou an.